



DWA AK PWOTEKSYON OU GENYEN ANTAN KLIYAN KOURAN, GAZ NATIRÈL

Home Energy Fair Practices Act (HEFPA, Lwa sou Pratik San patipri pou Enèji nan Kay) nan Eta New York bay pwoteksyon konplè pou kliyan rezidansyèl konsènan sèvis piblik kouran ak gaz natirèl.



New York State
Public Service Commission
Three Empire State Plaza • Albany, NY 12223
1-888-Ask-PSC1 • www.AskPSC.com



DWA AK AK PWOTEKSYON W

- Yo dwe ba w sèvis piblik la anvan senk jou ouvrab fin pase apre aplikasyon w lan, men kapab gen sèten kondisyon.
- Yo dwe ba w yon rezime sou dwa ak obligasyon lè sèvis ou kòmanse epi apres a omwen chak ane. Yon kopi dwa kliyan yo disponib tou sou entènèt nan **www.AskPSC.com**.
- Yon **SÈVIS ASISTANS DIJANS NAN TELEFÒN gratis (1-800-342-3355)** louvri ant 7:30 am ak 7:30 pm pandan jou ouvrab yo pou ede w nan sa ki gade kòmanse sèvis, menas pou sispann sèvis oswa rekonekte sèvis.
- Anjeneral yo entèdi depo Sekirite epi, si yo otorize yo, ou ka peye yo pa tranch jiska 12 mwa.
- Amann pou peman anreta sou balans ki poko peye dwe omaksimòm 1.5% pa mwa (18% pa ane).
- Yo dwe ba w opsyon pou peye bòdwo anreta yo pa tranch nan fason ki pa egzajere.
- Yo dwe ofri w bòdwo dapre bidjè (oswa divize an pòsyon egal).
- Ou ka deziyen yon fanmi oswa yon zanmi pou resevwa kopi avi ki gen rapò ak sispannyon sèvis oswa lòt desizyon kredi.



Dekoneksyon ak Demann Ransèyman

PSC a ap mennen ankèt e jwenn solisyon plent konsènan sèvis piblik kouran ak gaz natirèl nan rezidans. Pou dekoneksyon oswa menas dekonèksyon, rele **1-800-342-3355**. Pou tout lòt plent oswa demann ransèyman, rele **1-800-342-3377**.

- Si w gen yon diskisyon epi w pote yon plent nan Komisyon Sèvis Piblik (PSC, Public Service Commission), yo pa ka dekonekte sèvis ou pou montan ki gen diskisyon ladan an pandan y ap jwenn solisyon plent la epi w peye montan ki pa gen diskisyon ladan an.
- Si w gen yon revni fiks, ou ka kontakte founisè sèvis ou an pou fè aranjman dat pou echeyans bòdwo w.



Sispansyon Sèvis

Si w resevwa yon dènye avètisman pou sispann sèvis:

- Rele sèvis piblik ou an toudabò pou eseye fè yon antant peman ki rezonab e nan mezi pòch ou.
- Si w pa kapab fè yon aranjman, rele **SÈVIS ASISTANS DIJANS gratis** pa Telefòn PSC a nan **1-800-342-3355** pou ede w.

Dekoneksyon Sèvis kouran oswa gaz natirèl

- Si w pa peye bòdwo ki anreta yo, yo ka koupe sèvis kouran oswa gaz ou. Men yo pa ka dekonekte sèvis ou sòf si founisè w lan te ba w yon dènye avètisman alekri pou di li prevwa koupe sèvis ou epi li te tann 15 jou pou pèmèt ou peye bòdwo ki anreta a oswa pou w fè yon kontra peman pou montan ki anreta a.
- Yo pèmèt fè dekoneksyon sèlman ant 8:00 am ak 4:00 pm, lendi pou rive jedi, anwetan jou ferye, jou ki anvan yon jou ferye ak pandan peryòd de-semèn kote Nwèl ak Joudlan tonbe a.
- Si w ap viv nan yon bilding apatman oswa nan yon kay pou de-fanmi e se mét kay la ki responsab peye, men li fè neglijan peye bòdwo kouran oswa gaz pou bilding lan, sèvis piblik la dwe fè oumenm ak mèt kay la konnen peman ki pa fèt la, ak entansyon sèvis piblik la genyen pou koupe sèvis la. Avi a ap fè w konnen kijan pou kontakte sèvis piblik la pou li ka ede oumenm ak lòt lokatè yo jwenn yon fason pou evite yo dekonekte sèvis la, menmsi mèt kay la refize fè peman yo.

Pwoteksyon Espesyal

HEFPA bay pwoteksyon espesyal ak pwosedi pou dekoneksyon nan sikonstans kote si manke sèvis, sa ka mete an danje sante ak sekirite yon kliyan.

Pwoteksyon nan Fredi

Ant 1 novanm ak 15 avril, founisè w lan dwe fè yon efò espesyal pou konnen si lé li sispann sèvis ou ki gen rapò ak chofaj sa pral lakòz pwoblèm grav pou sante oswa sekirite w.

Ijans medikal

Si oumenm oswa yon moun nan kay ou gen yon maladi oswa yon eta sante grav ki pral vin pi grav si yo sispann sèvis piblik ou, yo pa ka koupe sèvis la si w pran yon sètifika nan men doktè oswa konsèy sante nan zòn lan. Si eta sante a kontinye pou plis pase 30 jou, doktè a ka oblije renouvle sètifika sa a, epi w ap gen pou pwouve ou pa gen mwayen pou peye. Si sèvis kouran oswa gaz la nesèsè pou fè yon sistèm pou kenbe moun vivan fonksyone, sètifika medikal la rete anvigè jiskaske PSC a anile li. Men chak twa mwa, ou dwe pwouve founisè w lan poukisa ou pa ka peye bòdwo a. Founisè a pral mete yon kòd sou kont ou an pou asire yo konsève sèvis nan rezidans ou.

Granmoun aje, moun Avèg ak Andikape

Si w avèg, andikape oswa w gen 62 zan oswa piplis, epi tout lòt moun ki abite rete nan kay ou gen 62 zan oswa piplis, 18 an oswa pi piti, oubyen yo avèg oswa andikape, sèvis piblik ou an pral eseye kontakte w espesyalman anvan ak apre yo koupe sèvis ou. Ou dwe enfòmè sèvis piblik la si w ranpli kalifikasyon sa yo, konsa yo pa pral koupe sèvis ou pa erè.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan

www.AskPSC.com

oswa rele gratis **1-888-AskPSC1** .

Komisyon Sèvis Piblik nan Eta New York
(NYS Public Service Commission)

Three Empire State Plaza
Albany, NY 12223-1350